

YON WÒL ENPÒTAN NAN SEKIRITE PIBLIK

Divilgasyon enfòmasyon ak sansibilizasyon sou sitiyasyon se eleman enpòtan pou pwoteje peyi nou, eta nou, ak ekonomi nou. Avèk sa nan tèt ou, ou ta dwe konnen yon pwogram ki la pa senpleman pou ponpye oswa pou moun k ap bay pasyan swen anvan pasyan yo antre lopital, men pou tout moun New York. PWOTEJE NEW YORK se yon pwogram enpòtan ki asosye avèk manm kominote a, biznis yo ak pwofesyonèl sèvis ijans tankou oumenm pou travay ansanm pou alète manm lapolis leta ak lapolis lokal pou aktivite yo sispèk ak posib zak teworis. Ou se zye ak zòrèy nou sou teren an, nan lari yo, lè ou prale nan boutik, nan sant komèsyal, ou montre ou se sitwayen; ou kapab ede nou pran responsablite nou yo pou sekirite piblik la. Si ou rekonèt ak rapòte posib aktivite teworis bonè sa kapab sèvi kòm premye liy defans nou kont moun ki fè zak teworis yo. Si ou wè nenpòt aktivite sispèk, nou ankouraje ou pou kontakte lapolis lokal ou oswa liy Eta New York pou bay Ransèyman sou Teworis nan nimewo 1-866-SAFE-NYS (1-866-723-3697).

Gen uit (8) siy teworis tout sitwayen yo ta dwe konnen, sitou premye sekouris yo. Nan yon konpayi ponpye oswa sèvis anbilans ki reponn nan kote ki gen ijans yo sou yon baz chak jou, ou ka se premye moun kin remake materyèl yo oswa yon abitud aktivite ki fè ou panse gen yon konplo teworis, epitou ou ka se premye moun ki rele pou alète lapolis anvan yon ensidan rive. Tankou tout founisè sèvis pou ijans yo, ou gen yon sans abitud pou rele, epi lè yon bagay pa ale byen ou konnen sa.

Lè ou se pwofesyonèl sèvis ijans, ou ta dwe konnen gen yon enkyetid ki endike moun k ap chèche fè zak teworis yo ka itilize òganizasyon sèvis ijans yo pou yo jwenn sèten materyèl, ladrès, oswa antrènman pou yo kapab gen siksè avèk entansyon yo. Moun sa yo ka sible premye sekouris yo; oswa yo ka fè tankou yo se pèsònèl sèvis ijans pou yo kapab gen aksè nan sèten kote epi pou yo kapab fè tankou yo abitye avèk kote yo. Pou sekirite tèt ou, abitud ou yo, ak lòt sitwayen yo, li enpòtan pou ou kontinye rete vijilan.

Yon fwa ankò, ou ka rapòte nenpòt siy aktivite sispèk 24 sou 24, sèt jou sou sèt nan Liy Dirèk Eta New York pou Bay Ransèyman sou Teworis nan nimewo 1-866-723-3697 (1-866-SAFE-NYS).

si ou WÈ DI YON BAGAY YON BAGAY™

**Rapòte Nenpòt Aktivite Ou Sispèk nan
Liy Dirèk Eta New York pou Bay Ransèyman
sou Teworis nan nimewo**

1-866-SAFE-NYS

1-866-723-3697

Tout Kote nan Eta New York

1-888-NYC-SAFE

1-888-692-7233

Nan Vil New York



**Homeland Security
and Emergency Services**

**BIWO ANTI-TEWORIS
(OFFICE OF COUNTER TERRORISM)**

Harriman State Office Campus
1220 Washington Avenue
Building 7A
Albany, NY 12226
www.dhses.ny.gov/oct

**BIWO PREVANSYON AK KONTWÒL DIFE
(OFFICE OF FIRE PREVENTION
AND CONTROL)**

Harriman State Office Campus
1220 Washington Avenue
Building 7A, Etaj 2
Albany, NY 12226
www.dhses.ny.gov/ofpc

PWOTEJE NEW YORK



PONPYE AK

Sèvis Medikal pou Ijans

Andrew M. Cuomo
Gouvènè

YO TE SIBLE PREMYE SEKOURIS YOPANDAN YO P AP REPONN KOUTFIL YO

- Premye sekouris yo ta dwe vijilan sou chak koutfil; depi nan aksidan veyikil-a-motè pou rife nan koutfil nan kay, biznis, ak espas piblik.
- Lè sekouris yo rive nan yon ensidan moun ka fè, yo ta dwe konnen posiblite pou gen yon dezyèm atak, tankou anjen eksplozif, moun k ap tire sou yo, oswa moun k ap lage bonm.
- Moun ki sible premye sekouris yo lakòz yon reta pou moun ki pran chòk yo resevwa laswenyaj.
- Pèsonèl sèvis ijans lan ta dwe fè yon obsèvasyon apwofondi sou tout moun ki sou plas yon atak, tankou moun ki pran chòk yo pou yo detekte menas posib yo.
- Sekouris yo ta dwe pran anpil prekosyon nan konpòtman moun ki sou plas yo, tankou zanmi ak manm fanmi pasyan yo/viktim yo.



SEKOURIS IJANS YO TA DWE VIJILAN POU

- Yon ti kantite mèb oswa okenn mèb, eksepte yon kabann oswa yon matla.
- Manyèl lapolis, manyèl antrènman taktik, manyèl pou pilote avyon.
- Kate jewografik, foto, plan pwojè.
- Pwodui chimik iregilye oswa lòt materyèl ki sanble pa nan plas yo.
- Ekipman siveyans, aparèy foto ak videyo-kamera, ak linèt pou wè pandan lannwit.
- Minisyon, zam pou tire, oswa bwat zam.
- Rechèch konsènan sèten kalite medikaman Sèvis Medikal pou Ijans (EMS) genyen, ak posib efè nuizib yo.
- Demann pou achte, oswa konesans sou fason pou achte medikaman patikilye.
- Kesyon sou acha yon nouvo machin ijans, yon machin ijans ki ize, oswa ki pa nan sèvis ankò.
- Yon moun ki pa renmen Etazini, ki pa kolabore avèk Etazini oswa ki ekspriye lahèn oswa ensatisfaksyon li pou Etazini.

FASON SÈVIS IJANS KAPAB PWOTEJE TÈT YO POU YO PA FÈ PÈT

- Siveye ak kontwole moun k ap antre nan estasyon ou: anplwaye regilye ak ansyen anplwaye/manm, pèsonèl livrezon ak sèvis, elatriye.
- Tcheke idantifikasyon epi mande moun yo pou idantifye rezon pou vizit yo nan depatman ou an.
- Rapòte pòt, fenèt ak seri ki kraze ba pèsonèl sekirite òganizasyon ou san pèdi tan. Reparasyon yo ta dwe fèt nan yon mannyè apwopriye.
- Ou ta dwe fè fichye sekou oswa kopi enfòmasyon sansib ak enpòtan ak baz done yo.
- Konsève, fèmen avèk kle, epi fè envantè kle, kat aksè, inifòm, badj ak veyikil òganizasyon ou.
- Siveye epi rapòte aktivite ou sispèk nan oswa toupre pwen antre/soti òganizasyon ou, espas pakin ou, garaj yo, ak vwazinaj imedyat.
- Ou ta dwe rapòte koli ki sanble sispèk ba lapolis lokal ou. PA LOUVRI oswa PA MANYEN.
- Chire oswa detwi tout dokiman ki gen enfòmasyon pèsonèl sansib oswa enfòmasyon sansib òganizasyon an ki pa nesèsè ankò.
- Konsève yon envantè ekipman, materyèl, ak lojisyèl ki pi enpòtan yo.
- Konsève epi fè avèk kle atik pèsonèl tankou bous gason, bous fanm ak idantifikasyon yo p ap itilize.
- Poze kesyon sou nenpòt etidyan ki abandone kou yo apre li fini nan yon pwogram fòmasyon oswa yon pwogram pou li resevwa sètifika.
- Montre ou vijilan pou moun sispèk ou obsève k ap lage fatra nan toupre anbilans ki estasyon, kamyon ponpye, oswa pòt antre saldjans yo.
- Fè ankèt sou pèt ekipman ki asosye avèk kamyon ponpye oswa kamyon Sèvis Medikal pou Ijans: sa gen ladan ekipman ak materyèl medikal, medikaman, ak sibstans kontwole, inifòm, ensiy ak otokolan, plak machin (yo), plak espesyal pou pakin, limyè, sirèn, ak ekipman kominikasyon.

Konnen Woutin yo

Chèche konnen sa k ap pase bòkote ou

Konsidere sa ou tande a oserye

“Si ou wè yon bagay, di yon bagay!”

Si Ou Wè yon Bagay, Di yon Bagay!

Rapòte nenpòt aktivite ou sispèk nan Liy Dirèk Eta New York pou Bay Ransèyman sou Teworis nan nimewo 1-866-SAFE-NYS (1-866-723-3697). Tout koutfil yo gratis, epi y ap rete konfidansyèl nèt. Pou rapòte ijans oswa krim k ap fèt, rele 911.

Kounye a ou kapab Wè yon Bagay, Voye yon Bagay!

Aplikasyon ki rele “Wè yon Bagay, Voye yon Bagay” pèmèt nenpòt moun kapte aktivite sispèk sou fòm yon foto oswa nòt ekri, epi voye enfòmasyon yo nan Sant Ransèyman Eta New York (New York State Intelligence Center). Apati pwen sa a, n ap revize ransèyman yo epi si yo enpòtan, n ap voye yo ba ajans lapolis konpetan. Aplikasyon an, ki kapab telechaje gratis pou moun ki itilize telefòn iPhone ak Android, gen ladan tou enfòmasyon sou sa pou chèche ak sou lè pou rapòte aktivite ou sispèk. Telechaje aplikasyon an sou sitwèb NY.gov/SeeSendNY



KONNEN UIT (8) SIY TEWORIS YO

1. **Siveyans:** Moun k ap anrejistre, k ap siveye, k ap fè foto yon jan dwòl oswa k ap kontwole aktivite, sitou toupre enfrastruktir enpòtan yo.
2. **Kesyon Sispèk y ap Poze:** Y ap chèche enfòmasyon sou mendèv la ak kantite anplwaye yo, enfòmasyon ki enpòtan pou òganizasyon an, pwotokòl repons ak sekirite san yon bezwen konnen toutbon.
3. **Tès Sekirite:** Vyolasyon sekirite oswa tantativ pou antre kòm yon tès; ka gen ladan anpil fo alam oswa fo alam ki pa gen eksplikasyon; epi/oswa moun ki nan zòn pwoteje ki deklare yo pèdi.
4. **Finansman:** Tranzaksyon sispèk ki konsène peman avèk gwo kantite lajan kach, gwo depo lajan kach, gwo retrè lajan oswa transfè gwo lajan; kontrebann avèk gwo lajan kach; fwod finansye ou sispèk; lavant machandiz ki fo; oswa twonpe òganizasyon charite.
5. **Acha Materyèl:** Acha, vòl, pèt, oswa estokaj materyèl ki nesèsè pou yon atak; ka gen ladan eksploziv, zam, prekiès chimik, òdinatè, plan pwojè, kat jewografik, fo kat idantifikasyon, plan sekirite, materyèl antrènman, elatriye.
6. **Moun Ou Sispèk ki nan Plas yo:** Moun ki sanble pa nan plas yo, ki montre konpòtman iregilye oswa ki posede inifòm, kalifikasyon, oswa veyikil imitasyon/yo vòlè/machin yo anbeli, san otorizasyon.
7. **Repètisyon oswa Esè:** Moun k ap fè pratik pou yon atak pita, pou detèmine ki bon lè ak wout pou yo sove.
8. **Deplwaman Resous:** Ekipman pou pran pozisyon ak/oswa pèsonèl k ap prepare pou yon atak.